



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 4/8/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO NOME BILL THOMPSON AK FERNANDO FERRER NAN  
KONSÈY ADMINISTRASYON CUNY**

***Thompson te jwenn nominasyon kòm pwochen Prezidan Konsèy Administrasyon an; Gouvènè a te remèsye prezidan kap soti a Benno Schmidt pou 16 ane sèvis angaje nan CUNY, enkli 13 ane alatèt Konsèy Administrasyon an***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te nome Bill Thompson ak Fernando Ferrer pou sèvi nan Konsèy Administrasyon City University of New York (CUNY). Mesye. Thompson te jwenn nominasyon pou ranplase Prezidan kap soti a Benno Schmidt, ki te orijinalman nome nan Konsèy CUNY nan 1999 e li te travay kòm Prezidan l depi 2003. Toulède nominasyon yo egzije konfimasyon Sena Eta New York.

“Antanke limyè opòtinite pou plizyè santèn etidyan chak ane, CUNY jwe yon wòl entegral nan pwomès New York,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Pandan plis pase 16 ane, Benno Schmidt te ankouraje pwomès sa e li te bay yon sèvis fòmidad pou CUNY ansanm avèk etidyan li yo. Premyèman kòm Vis-Prezidan Konsèy Administrasyon CUNY nan kòmansman 1999 e apres a kòm Prezidan depi 2003, li te gen yon gwo enpak sou sistèm sa, e lidèchip li ap gen yon benefis dirab pou pwochen klas yo egalman. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsi pou angajman l nan sèvis piblik.”

**Gouvènè Cuomo te deklare tou:** “Mwen fyè pou m nome Bill Thompson ak Fernando Ferrer nan Konsèy Administrasyon CUNY. Bill ap pote yon divèsite eksperyans fòmidad nan wòl sa a – nan alafwa sektè piblik ak prive, e antanke yon ansyen Prezidan Konsèy Edikasyon Vil New York. Fernando pafètman kalifye nan travay li pou sèvi moun New York, e mwen kwè tou li pral yon gwo adisyon nan CUNY. Edikasyon nivo mondyal ke CUNY bay la entegral pou etidyan yo nan Vil New York ansanm avèk kominote avwazinan yo, e mwen gen konfyans ke sistèm nan ap kontinye atenn lòt nivo sou lidèchip Bill ak Fernando.”

CUNY bay bon jan kalite edikasyon wo nivo abòdab pou plizyè santèn milye etidyan degre kredi ak adilt, kap pran fòmasyon kontini ak pwofesyonèl nan kanpis yo atravè Vil New York.

***Bill Thompson***

Mesye. Thompson te sèvi de manda katran youn dèyè lòt kòm Kontwolè pou Vil New York de 2002 jiska 2009. Nan wòl sa, li te dirije yon ekip 720 anplwaye, jere yon bidjè

operasyonèl anyèl \$66 milyon ak 5yèm pi gwo fon pansyon nan peyi a, yon fon plizyè milya dola ki te klase pami premye 20 nan mond lan. Kòm Kontwolè Vil New York, Thompson te gadyen ak konseye envestisman nan senk konsèy Administrasyon Fon Pansyon Vil New York. Yo gen ladan Sistèm Retrèt Anplwaye Vil New York; Sistèm Retrèt Pwofesè Vil New York; Fon Pansyon Lapolis Vil New York; Fon Pansyon Depatman Ponpye Vil New York; ak Sistèm Retrèt Edikasyon Konsèy Vil New York.

Anvan, li te sèvi kòm Prezidan Adjwen Awondisman Brooklyn de 1983 jiska 1992. Li te sèvi tou kòm Prezidan yon manda senkan nan Konsèy Edikasyon Vil New York apati 1994 jiska 2001.

Nan Fevriye 2010, Gouvènè Eta New York David Paterson te nome Mesye. Thompson pou sèvi kòm Prezidan Konsèy Hugh L. Carey Battery Park City Authority, yon pozisyon li te genyen jiska 2012. Li te sèvi anvansa nan Konsèy Lokasyon Etablisman Jwèt Eta New York. Nan 2011, Gouvènè Cuomo te chwazi Mesye. Thompson pou prezide gwoup travay MWBE li a. Depi 2015, li te travay kòm Prezidan Ajans Finans Lojman Eta New York ak Prezidan Ajans Ipotèkè Eta New York.

Mesye. Thompson aktyèlman se yon patnè nan Siebert Brandford Shank kote li souskri prè pou lekòl yo, wout, pon ak pwojè enfrastrikti. Li se yon Administratè Emerite nan Tufts University ak yon ansyen Manm konsèy nan Bedford-Stuyvesant Restoration Corporation ak KeySpan/Brooklyn Union Gas Company. Li se yon diplome nan Tufts University.

Mesye. Thompson abite nan Harlem avèk Madam li Elsie McCabe ansanm avèk twa timoun yo.

### ***Fernando Ferrer***

Mesye. Ferrer te sèvi kòm Prezidan Minisipalite Bronx pou preske 15 ane apati 1987 - 2001. Pandan manda l, li te kreye lojman pou apeprè 66,000 fanmi. Awondisman te obsève yon diminisyon enpòtan nan krim, patikilyèman nan Sid Bronx, e li gen yon ogmantasyon konstan nan biznis ak envestisman imobilye.

Anvan ke li te eli Prezidan Minisipalite Bronx, Mesye. Ferrer te sèvi nan Konsèy Vil New York kote li te reprezante kominote yo nan Nò Bronx apati 1982 jiska 1987.

Mesye. Ferrer aktyèlman ap sèvi kòm Vis-Prezidan Metropolitan Transit Authority e li travay kòm Prezidan pa entèrim MTA nan 2013.

Mesye. Ferrer se yon Patnè ak Ko-Prezidan nan Mercury Public Affairs, LLC. Li te sèvi tou kòm Direktè Sterling BanCorp ak Sterling National Bank, youn nan filyal Sterling BanCorp. Anvansa, li te Prezidan Drum Major Institute pou Politik Piblik apati 2002 jiska 2004.

Li te genyen yon Bakaloreya nan University Heights College of Arts ak Sciences of New

York University, ak yon degre M.P.A. nan Baruch College of the City University New York. Mesye. Ferrer te resevwa diplòm onorifik nan Manhattan, Mercy, Herbert H. Lehman ak Metropolitan Colleges. Li te resevwa Prim Sèvis Piblik Eugene J. Keogh nan Alumni Association of New York University, ak plizyè santèm prim nan lekòl, gwoup kominotè, enstitisyon ak kominote relijye.

Mesye. Ferrer aktyèlman abite avèk madam li. Doktè. Aramina Vega Ferrer, nan Bronx.

### ***Benno Schmidt***

Mesye. Schmidt te nome kòm Prezidan Konsèy Administrasyon CUNY pa Gouvènè George Pataki nan Avril 2003. Li te re-nome nan Konsèy la pou yon manda setan nan Jen 2006.

Anvansa li te sèvi kòm Vis Prezidan nan nonimasyon I nan Out 1999. Mesye. Schmidt se Prezidan Avenues, rezo mondyal lekòl prive, e li aktyèlman sèvi kòm Vis Prezidan Edison Schools, Inc., li te sèvi kòm Prezidan I de 1992 jiska nan out, 2007. Anvan li te rantre nan Edison Schools, Inc., li te sèvi kòm 20yèm prezidan Yale University, kote li te gen rekonesans nasyonal pou defans libète ekspresyon ak valè akademik edikasyon liberal.

Pandan manda I nan Yale, ki te kòmanse nan 1986, Mesye. Schmidt te lanse youn nan pi gwo pwogram bilding nan istwa Yale; li te vini kolektè fon nan Yale ki gen plis siksè; li te konstwi yon modèl patenarya ant Inivèsite a ansanm avèk vil New Haven; e li te ede devlope yon kantite pwogram entè-disiplinè, espesyalman nan syans anviwonman, bioloji molekilè, ak etid entènasyonal. Pandan prezidans li, talan Yale te devlope apati \$1.7 milya pou preske \$3 milya, pousantaj kwasans ki pi elve nan nenpòt inivèsite prive pandan tan sa.

Anvan li te rejwenn Yale, Mesye. Schmidt te Dwayen Lekòl Avoka nan Columbia University, kote li te rejwenn kò pwofesè a nan 1969 e li te vini katran apre, youn nan pi jèn pwofesè titilè nan istwa Columbia. Li te jwenn nominasyon Harlan Fiske Stone Pwofesè Lwa Konstitisyonèl nan 1982. Li se youn nan pi gwo entèlektiyèl Konstitisyon an nan peyi a, istwa Tribinal Siprèm Etazini, lwa sou libète ekspresyon, ak istwa relasyon ras nan Etazini. Mesye. Schmidt te sèvi kòm grefye pou Jij anchèf nan Tribinal Siprèm Earl Warren. Mesye. Schmidt te resevwa toulède diplòm kolèj ak avoka I nan Yale University. Li se yon manm konsèy nan National Humanities Center epi li se yon manm American Academy of Arts and Sciences. Li se prezidan tou Gwoup Travay Majistra Giuliani nan City University of New York. Nan mwa Novanm 2010, Mesye. Schmidt te resevwa sis prim anyèl Philip Merrill nan American Council of Trustees ak Alumni pou Kontribisyon Eksepsyonèl nan Art Liberal Edikasyon.

### **Prezantasyon City University of New York**

City University of New York se premye inivèsite piblik iben nan peyi a. Fonde nan Vil New York nan 1847, Inivèsite a gen ladann 24 enstitisyon: 11 kolèj siperyè, sèt kolèj

kominotè, William E. Macaulay Honors College nan CUNY, CUNY Graduate School ak Sant Inivèsite, CUNY Graduate School of Journalism, CUNY School of Law, CUNY Lekòl Etid Pwofesyonèl ak CUNY Lekòl Sante Piblik. Inivèsite a sèvi plis pase 274,000 etidyan diplome-kredi ak 218,083 adilt, etidyan edikasyon pwofesyonèl ak kontinye. CUNY sèvi etidyan yo ki soti nan diferan orijin, avèk eritaj fanmi ki relye plis pase 205 peyi. Plis pase 40 pousan etidyan nan premye sik te fèt andeyò Etazini; apeprè 44 pousan se premye jenerasyon Ameriken; e apeprè 20 pousan ladan yo se premye nan fanmi yo ki ale nan kolèj.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418